# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस क सतवां अउर आखिरी फेरा में पूर्वांचल के तेरह लोकसभा सीटिनि –वाराणसी, गोरखपुर महराजगंज, कुशीनगर, देउरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, मिर्जापुर अउर राबर्ट्सगंज में सान्तिपूर्ण ढंग से ओट परल। येहि के साथे सोनभद्र के दुद्धी विधानसभा के उपचुनावों संपन्न भइल। प्रदेस में सात फेरा में भइल येह लोकसभा चुनाव क रिजल्ट चार जून के घोषित होई।

भिन्नही सात बजे से ओट परल सुरू भइल अंतिम सूचना मिलले तक जेतना भी मतदाता बूथन पर लाईन में लागल रहलें उनसे मतदान करावल जा रहल हउवे। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथों आजु अपने गृहनगर गोरखपुर के कन्या प्राथमिक विद्यालय में ओट डरलें। आजु प्रदेस के जवन तेरह संसदीयन सीटिनि पर मतदान हो रहले बाटें ओहिजां कुल एक सौ चौव्वालिस ओम्मेदवार चुनाव मैदान में हवें। येह में एक सौ चौतीस पुरूष अउर दस गो महिला ओम्मेदवार सामिल हइन। ओहिं सोनभद्र के दुद्धी विधानसभा उपचुनाव में छौ गो ओम्मेदवार चुनाव मैदान में बाड़े। मुख्य निर्वाचन अधिकारी के मोताबिक सबसे जियादे अट्ठाइस ओम्मेदवार घोसी सीट पर अउर सबसे कम सात ओम्मेदवार देउरिया अउर वाराणसी सीटि पर हवे। येह फेरा में प्रदेस में दुई करोड़ पचास लाख छप्पन हजार आठ सौ सतहत्तर मतदाता हउवे। चुनाव आयोग से मिलल आंकड़ा के मोताबिक आजु संझा पांच बजे ले मिर्जापुर लोकसभा क्षेत्र में पचपन दसमलव आठ तीनि फीसदी, महराजगंज लोकसभा क्षेत्र में अट्ठावन दसमलव छौ तीनि, गाजीपुर में बावन दसमलव नौ आठ फीसदी, चन्दौली में अट्ठावन दसमलव एक आठ फीसदी, देउरिया में चउवन दशमलव एक तीनि फीसदी, वाराणसी में चउवन दसमलव सात छौ फीसदी, घोसी में तिरपन दसमलव दुइ एक फीसदी मतदान भइल।

**********

आजु **अन्तर्राष्ट्रीय बाल रक्षा दिवस** मनावल जा रहल हवे। हर सालि एक जून के लइकन के अधिकारन के ले के जागरूकता बढ़वले अउर उनके सुरक्षित, स्वस्थ वातावरण देवे बदे अन्तर्राष्ट्रीय बाल रक्षा दिवस मनावल जाला। ई दिन हमहन के यादि दियावे ला कि लइकन के उनकर अधिकार दीहल, उनकर रक्षा, उनकर भलाई खाली सरकार आ चाहे कउनों संगठन क जिम्मेवारी नइखे बलुक ई हम सब लोगिन क सामूहिक जिम्मेवारी हउवे। ई खाली एगो उत्सव नाहीं हवे बलुक ई एगो अइसन मौका हउवे, जवन हमहन के लइकन के विकास के महत्व क यादि दियावे ला। ई दिन दुनिया भर के कई गो देसन में कई तरह के कार्यक्रम अउर गतिविधियन के साथे मनावल जाला। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो आजु भिन्नहीं अपने एक्स हेंडल पर एगो सनेसा के जरिये अन्तर्राष्ट्रीय बाल रक्षा दिवस क प्रदेसवासियन के सुभकामना दिहले हवें। उहां के कहलीं कि आईं अपने आसपास के लग्गे के लइकन के सिक्षा, उनके अधिकार, बाल श्रम अउर दुव्यवहार के प्रति संवेदनसील होईं अउर लइकन के समाज में सुरक्षित स्थान दिहले क संकल्प लेईं।

**********

तेल विपणन कंपनी व्यावसायिक एलपीजी सिलिण्डर के दाम में ओनहत्तर रूपिया पचास पइसा क कटउती कइले हवे। इंडियन ऑयल कार्पोरेशन बतवलस कि दिल्ली में एगो व्यावसायिक सिलिण्डर क दाम एक हजार छौ सौ छिहत्तर रूपिया होई, ईहे सिलिण्डर अब कोलकाता में बहत्तर रूपिया, मुंबई में ओनहत्तर रूपिया पचास पइसा अउर चेन्नई में सत्तर रूपिया पचास पइसा सस्ता मिली। एकरे अलावे विमान ईंधन के दामों में साढ़े छौ फीसदी क कमी कइल गइल हउवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पूरा प्रदेस में पड़ि रहल भीषण गरमी अउर लू के परकोप के नाते जुरते जरूरी कदम उठवले के निरदेस दिहले हवें।

मुख्यमंत्री कहले कि गांव होखे आ चाहे सहर, कवनहू जगहि बिना जरूरत के बिजली कटौती नाहे होखे के चाहि। जरूरी होखे त अतिरिक्त बिजुली खरिदले क इंतिजाम कइल जाव। उहां के कहलीं कि पियले के पानी क आपूर्ति तय रोस्टर के मोताबिक कइल जाव। पानी के कमी से बहुत जियादे परभावित इलाकन में टैंकर के जरिये आपूर्ति सुनिस्चित करावल जाव। श्री योगी कहलें कि बढ़त तापमान के देखत आम जन–जीवन मवेसियन अउर वन्य जीवन के सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल जाए। एकरे सथहीं सज्जो नगर निकायन, ग्रामीण इलाकन, सार्वजनिक जगहिनि पर प्याऊ रखवावल जाए। मुख्यमंत्री कहलें कि लुह क लक्षण अउर ओहसे बचाव खातिर आम लोगिन के जागरूक कइल जाए। अस्पतालन अउर मेडिकल कॉलेजन में हीट वेव से परभावित लोगिन के जुरते इलाज कइल जाए। उहां के आगि लागे वाले दुरघटना के देखत अग्निसमन विभाग के निरदेस दिहलीं कि सज्जो जिलन में अग्निसमन केन्द्र चउबीसो घंटा सक्रिय रहे जवने से कउनहूं दुरघटना से परभावी ढंग से निपटल जा सके।

**********